

Gras ak kolaborasyon avèk fanmi yo epi avèk kominote yo, nou ap defann sekirite, pèmanans ak byennèt chak timoun nou ap sèvi nan yon fason k ap onore fanmi ak kilti.

Franklin County
Children Services

855 West Mound Street
Columbus, Ohio 43223-2208

614.275.2571

614.275.2755 (faks)

www.childrengservices.franklincountyohio.gov/



« Pwoteje Timoun yo nan Ranfòse Fanmi yo »

Se Franklin County Children Services ki pibliye li

Biwo Dwa Kliyan yo

CS-Dwa ak Enfòmasyon sou Konsomatè-Kreyòl Ayisyen (Rev. 12-2021)



Dwa ak Enfòmasyon sou Konsomatè

Non ak telefòn asistan sosyal la:

Sipèvizè:

Direktè Asosye:

Direktè:

Adrès Biwo yo:

Admisyon		4071 E. Main St.		614.229.7100
Lès		4071 E. Main St.		614.421.5500
Lwès		1919 Frank Rd.		614.278.5800
Depatman Adopsyon		855 W. Mound St.		614.341.6000
Depatman Fòmasyon		855 W. Mound St.		614.278.5906
Resous Zimèn yo		855 W. Mound St.		614.351.2000
Dwa Kliyan yo		855 W. Mound St.		614.275.2621

Biwo Administrativ yo:

855 West Mound St.
Columbus, OH 43223
614.275.2571



Gras ak kolaborasyon avèk fanmi yo epi avèk kominote yo, nou ap defann sekirite, pèmanans ak byennèt chak timoun nou ap sèvi nan yon fason k ap onore fanmi ak kilti.

Konsènan ti liv sa

Sa fè pati politik nou an pou ba ou bwochi sa epi diskite sou li nan premye entèvyou an-pèsòn ou an avèk youn nan asistan sosyal nou yo. Si ou gen kesyon, tanpri rele asistan sosyal oubyen sipèvizè ou an ki endike sou kouvèti a. Si dosye ou an transfere nan youn nan biwo rejyonal nou yo oubyen ajans kontra jesyon swen nou yo, nouvo asistan sosyal la ap garanti ke ou jwenn yon kopi avèk non nouvo sipèvizè ak nouvo asistan sosyal yo.

Konsènan dwa ou genyen pou w resevwa bon jan kominikasyon

Tout moun ki pa kapab kominike an anglè, kit aloral oubyen alekri, ap gen yon aksè egal ak sèvis Franklin County Children Services ap ofri yo. Pèsonèl Children Services yo ap founi bon jan kominikasyon efikas nenpòt lè sa posib. Lè sa pa posib, yo ap bay yon entèprèt ki sètifye gratis.

Tablo Kontni yo

**Kisa Franklin County
Children Services lan ye?3**

**Kisa mwen kapab atann nan men FCCS (Franklin County Children
Services)?..... 4**

Kòman Lwa sou Pwoteksyon Timoun Endyen an afekte ou?5

Ki sèvis ki kapab ede fanmi mwen an? 6

Kisa k ap rive si pitit mwen yo dwe kite kay la?7

Ki dwa mwen genyen?..... 8

Kòman yo pwoteje dwa m yo? 12

Lè gen yon Dezas ki Frape. 15

Nòt

Kisa Franklin County
Children Services lan ye?

Ajans nou an gen manda selon lalwa pou mennen envestigasyon sou ka maltretans yo, neglijan ak depandans anvè timoun yo. Nou ap enplike sèlman pou asire sekirite timoun yo oubyen pou ede fanmi an pandan yon kriz. Objektif inisyal nou se toujou kenbe timoun yo an sekirite lakay yo epi founi sèvis sa yo ki kapab anpeche dosye a ouvri. Si yon dosye ouvri, n ap reponn nan twa fason. Si yo kapab kenbe yon timoun an sekirite lakay li, nou ap travay avèk fanmi an sou yon plan nou antann sou li pou rezoud pwoblèm ki te mennen yo vin jwenn nou an. Pafwa, li nesesè pou w retire timoun yo tanporèman lakay yo. Lè nou wè li enposib pou reyini an tout sekirite yon timoun avèk fanmi li, ajans lan ap mande gad pèmanan timoun lan epi plase li pou adopsyon.

Pandan tout lè dosye a ap trete, nou ankouraje fanmi yo pou bay kontribisyon yo ak pou yo fè pati pwosesis priz desizyon an ekip la. N ap pi byen sèvi fanmi yo lè yo kapab ede idantifye pwoblèm ki preyokipe yo ak lè yo fè pati elaborasyon plan sèvis pou ede yo a.

Chak timoun merite yon fwaye ki estab, pèmanan. Pèmanans sa kapab pran plizyè fòm—reyinifikasyon avèk fanmi byolojik la, swen nan men paran, adopsyon, kontak a fanmi akèy la ak/oubyen lyen kominotè yo, yo tout kapab ofri yon soutyen pèmanan a jèn yo.



Children Services vle ou rele si:

-  Ou panse sèvis pwoteksyon yo te kapab itil pou ou menm oubyen fanmi ou.
-  Ou te resevwa sèvis pwoteksyon yo yon fwa men ou bezwen yo ankò.
-  Ou panse yon timoun oubyen yon fanmi nan bezwen sèvis pwoteksyon yo.

-Yon moun ki rele genyen dwa pou rete anonim-

Children Services ap swiv prensip gid sa yo:

- ◆ Nou se pwofesyonèl nan kesyon pwoteksyon timoun;
- ◆ Nou onore fanmi yo;
- ◆ Nou valorize chak timoun; epi
- ◆ Nou valorize patenarya

Kisa mwen kapab atann nan men Children Services?

Asistan sosyal nou yo ap travay avèk fanmi yo pou rezoud pwoblèm yo genyen. Lalwa rekòmande pou Children Services mennen envestigasyon sou tout plent ki konsène timoun yo kapab abize, neglije oubyen depandan epi ki nan bezwen pwoteksyon.

Apèl sa yo konsène jeneralman:

- ◆ mank sipèvizyon, aliman,abri, sèvis piblik tankou kouran ak dlo, swen medikal pou timoun
- ◆ abi fizik sou timoun
- ◆ abi seksyèl sou timoun
- ◆ yon timoun ki pa epanouyi, ki pa grandi epi ki pa devlope
- ◆ neglijan edikatif
- ◆ yon timoun ki montre pwoblèm konpòtman grav
- ◆ yon timoun ki te sove kite lakay li
- ◆ abi dwòg oubyen alkòl nan fanmi an
- ◆ sekirite oubyen pwoteksyon yon timoun
- ◆ timoun ki mouri

Asistan sosyal Children Services la ap di ou ki domèn preyokipasyon yo te siyale ak dekouvri si genyen yon pwoblèm nan nenpòt nan domèn sa yo. Sa ap fèt alèd konvèsasyon y ap gen avè w, ak timoun ou yo, lekòl la, pwofesyonèl yo, ak lòt moun ki enplike yo, si nesesè. Selon lalwa Ohio, non moun ki te bay referans lan ap **konfidansyèl** epi yo pa kapab devwale l.

Si fè yo nan envestigasyon an montre ke pa genyen okenn bezwen pwoteksyon, nou ap di ou sa, epi envestigasyon an ap fèmen.

Si fè yo montre ke genyen yon bezwen pwoteksyon, Children Services ap travay avèk ou. Yo kapab fè travay sa atravè yon akò, oubyen òdonans ki soti nan tribinal pou minè.

Nou pral kreye yon plan dosye avèk èd ou epi sèvis nesesè yo ap endike nan yon plan dosye. Plan sa ap esplike kisa paran, timoun ak/oubyen ajans lan pral fè pou fè divès chanjman nesesè yo. Amezi ke bezwen ou yo oubyen bezwen timoun ou yo chanje, plan an kapab modifiye. Yo ap mande ou pou w siyen plan sa ak nenpòt modifikasyon ki fèt ladan l. Ou ap resevwa yon kopi plan dosye sa.

Children Services (ak Tribinal pou Minè lè yo enplike) ap fè omwen de reyinyon sou dosye w la nan ane a pou aktyalize plan an epi egzamine pwogrè ki fèt yo. Si fanmi ou pa dakò avèk sèvis yo oubyen a yon desizyon, yo dwe pran mezi pou abòde preyokipasyon sa yo (gade paj 8).

Kontak yo

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Kontak yo

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Telefòn/Imel: _____

Yon jounalis mandate ki fè yon rapò sou maltretans ak neglijans yon timoun. Sou demann, jounalis la dwe gen enfòmasyon sou tout sa ki vini an apre yo:

- ◆ Si PCSA a te kòmanse yon investigasyon.
- ◆ Si PCSA a ap kontinye mennen investigasyon an.
- ◆ Si PCSA a enplike otreman avèk timoun yo pale sou li nan rapò a.
- ◆ Eta jeneral sante ak sekirite timoun yo pale sou li nan rapò a.
- ◆ Si rapò a vin lakoz depo yon plent nan tribinal minè a oubyen divès pouswit penal devan yon lòt tribinal.



Lwa sou Pwoteksyon Timoun Endyen (The Indian Child Welfare Act, ICWA) se yon lwa federal k ap chache kenbe timoun Amerendyen yo avèk fanmi Endyen yo. Kongrè a te adopte lwa ICWA a nan lane 1978 pou bay repons ak pil kantite timoun Amerendyen alafwa ajans piblik ak prive yo ap retire lakay yo. Entansyon Kongrè a selon ICWA se te pou "pwoteje pi bon enterè timoun Amerendyen yo ak pou favorize estabilite ak sekirite tribi ak fanmi Amerendyen yo" (25 U.S.C. § 1902). Responsab dosye yo dwe pran an kont plizyè konsiderasyon lè y ap trete yon dosye ICWA, tankou:

- ◆ founi divès “efò aktif” bay fanmi an;
- ◆ idantifye yon plasman ki adapte ak dispozisyon preferans ICWA yo;
- ◆ enfòme tribi timoun lan ak paran timoun lan sou pwosedi pou gade timoun lan; epi
- ◆ travay aktivman pou enplike tribi timoun lan ansanm ak paran timoun lan nan pwosedi yo.

Responsab dosye ou an dwe kapab esplike dwa ou yo selon ICWA ak nenpòt lòt mezi nan yon fason ki fasil pou ou konprann.

Si ou santi ke yo p ap aplike ICWA kòrèkteman nan dosye pitit ou an, ou dwe pale ak sipèvizè responsab dosye a. Biwo Dwa Kliyan yo kapab ede tou nan garanti ke ICWA aplike kòrèkteman.

Ki sèvis ki kapab itil pou fanmi mwen an?

Children Services ofri sèvis ki gen ladan yo:

- ◆ investigasyon sou maltretans ak neglijan anvè yon timoun
- ◆ sèvis pwoteksyon ak jesyon dosye
- ◆ sèvis pou adolesan yo
- ◆ sèvis konsèy
- ◆ sèvis adomisil
- ◆ sèvis jesyon kay
- ◆ sèvis benevola
- ◆ sèvis medikal pou timoun yo
- ◆ sèvis emansipasyon ak lavi otonòm pou jèn ki gen 16 ane ak sa ki pi gran yo
- ◆ sèvis adopsyon pou timoun tout laj
- ◆ sèvis prezèvasyon fanmi

Children Services bay referans divès ajans kominotè pou lòt sèvis sipò yo:

- ◆ sèvis sante mantal yo
- ◆ edikasyon parantal
- ◆ evalyasyon/konsiltasyon sikyatrik ak sikolojik
- ◆ evalyasyon ak tretman pou dwòg ak alkòl
- ◆ asistans nan kesyon gadri
- ◆ sèvis pou ede devlopman timoun yo an sante kòmsadwa
- ◆ asistans materyèl
- ◆ lojman
- ◆ sèvis pou adolesan ki gen difikilte yo

Si FCCS ap travay avèk ou ansanm ak fanmi ou lè gen dezas ki frape...

Si dezas la **afekte ou** ak fanmi ou epi ou bezwen evakyasyon imedyà pou fanmi ou soti lakay ou oubyen nan lokal ou an, tanpri enfòm FCCS imedyatman nan 614-229-7100. Tanpri, prepare ou pou w pataje plis enfòmasyon posib pou ede nou idantifye kilès ou ye ak ki kote ou pral rete.

Si dezas la **afekte tout kominote a an antye**, tanpri rete ap tande medya lokal yo pou kominikasyon ki soti nan FCCS.

Si dezas la **afekte vizit** ki lye ak timoun ou yo oubyen si vizit ou an se tribinal ki òdone li, tanpri fè nou konn sa epi nou ap travay avèk ou pou evite vizit ou yo pa entèwonp pandan moman difisil sa.

Nan ka gen movè tan, desizyon pou anile vizit yo ak transpò yo ap kowenside avèk Sistèm Nivo Ijans Nan Ka Gen Nèj la. Yo ap anile vizit yo lè genyen yon Ijans Nan Ka Gen Nèj Nivo 2 oubyen nivo 3 ki aplikab pou:

- ◆ Franklin County
- ◆ Konte kote timoun lan rete a
- ◆ Konte kote gen vizit la
- ◆ Nenpòt konte yon transpòtè dwe travèse

Nan ka sa, tanpri kontakte estaf Sipò pou Vizit la nan 614-229-7001 pandan ijans kondisyon tan sa. Gen divès efò rezonab ki pral fèt pou ratrape nenpòt vizit ki anile lè kondisyon tan an pèmèt sa.



Anplis de pwosesis plent ak dòleyans Children Services yo, Depatman Travay ak Sèvis Fanmi Ohio ap responsab pou asire ke tout ajans sèvis timoun ki nan konte yo konfòme yo avèk règ yo nan Eta a. Ou kapab kontakte yo lè ou rele Depatman Travay ak Sèvis Fanmi Ohio a (Ohio Department of Job and Family Services), apèl gratis nan 866-886-3537 Opsyon 4.

Children Services ap reklame ranbousman pou sèvis pou timoun yo anba pwogram federal ak Eta a epi li rekòmande selon lalwa pou li bay sèvis yo an konfòmite avèk manda Federal ak Eta a.

Si ou estime ou te viktim diskriminasyon akòz de ras, koulè, orijin nasyonal, andikap fizik oubyen mantal, idantite seksyèl, oubyen ou te otreman viktim diskriminasyon anba nenpòt pwogram, sèvis oubyen avantaj ke Franklin County Children Services otorize oubyen founi, ou kapab kontakte nenpòt nan sèvis ki vin annapre yo:

- ◆ Franklin County Children Services, Kowòdonatè Dwa Sivil (Civil Rights Coordinator, CRC) se yon espesyalis nan tretman plent ki konsène diskriminasyon. CRC kapab ede ak ofri yon oryantasyon nan domèn ki lye ak dwa sivil yo. Adrès CRC se 855 West Mound St, Columbus, OH, 43223, epi ou kapab jwenn li nan 614.275.2621;
- ◆ Sèvis Dwa Jiridik Ohio yo (Ohio Legal Rights Service), 8 E. Long St, 5th Floor, Columbus, Ohio 43215-2999, apèl gratis nan tout Eta a (vwa): 800-282-9181, apèl gratis nan tout Eta a (T.T.Y.): 800.858.3542, Telefòn: 614.466.7264; T.T.Y.: 614.728.2553, Faks: 614.644.1888; ak
- ◆ Biwo pou Dwa Sivil, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Dept. of Health and Human Services), 200 Independence Ave, S.W., Rm. 509F, HHH Bldg., Washington, D.C. 20201, liy TDD gratis: 800.537.7697

Si ou santi ou te genyen dwa ak kèk sèvis ki pa t livre, ou kapab depoze tou yon plent bò kote plizyè òganizasyon ki gen ladan yo, men ki pa limite ak:

Konseye Eta Ohio, Asistan Sosyal ak Konsèy Terapet Konjigal ak Familyal yo 77 South High Street, 24th Floor, Columbus, Ohio 43215 614 .466.0912	Konsèy Sikoloji Eta Ohio (State Board of Ohio Psychology), 77 South High Street, Suite 1830 Columbus, Ohio 43215 614-466-8808
Sèvis pou Depandans Alkòl, dwòg ak Sante Mantal (Alcohol, Drug Addiction and Mental Health, ADAMH) 447 E. Broad St., Columbus, OH 43215 614.224.1057	Konsèy Swen Enfimye Eta Ohio 17 S. High St., Suite 400, Columbus, Ohio 43215 614.466.3947

Yon Ajan Dwa Kliyan yo kapab ede ou reponn ak preyokipasyon ou.

Kisa k ap rive si pitit mwen yo dwe kite kay la?

Tout timoun yo merite yon fwaye pèmanan. Nan efò pou garanti sa, yo kapab plase yo tanporèman nan yon kad ki pi konfòtab posib. Paramèt sa kapab gen ladan l:

- ◆ kay yon paran - kay yon fanmi.
- ◆ yon fanmi akèy
- ◆ yon kay an gwoup
- ◆ yon etablisman rezidansyèl ki pi prè posib ak lakay
- ◆ Kay adoptif

Nou atann pou fanmi ou travay kòm yon patnè avèk Children Services pou ede nan ranfòse ak reynifye. Sa fèt pou bay timoun yo yon kote pèmanan.

Nou swete pou fanmi yo:

- ◆ ede nou ekri plan dosye ki gen ladan l sèvis pou reponn ak bezwen fanmi ou an;
- ◆ founi yon fwaye san danje, pwòp, epi ki gen lanmou pou pitit ou an oubyen pitit ou yo;
- ◆ rankontre avèk asistan sosyal la ak lòt pèsònèl pou egzamine pwogrè yo;
- ◆ prezante ak patisipe nan pwogram yo oubyen sèvis ki endike nan plan dosye a; epi
- ◆ prezante nan odyans tribinal yo epi swiv òdonans tribinal la fikse yo.

Nan tout ka kote timoun yo ap vin pran swen, Children Services ap avize Depatman Travay ak Sèvis Fanmi Franklin County ak Ajans Egzekisyon Pansyon Alimantè pou Timoun Franklin County yo.

Mande asistan sosyal ou an yon kopi bwochi “Lwen Lakay, Retounen Lakay” la. Li gen enfòmasyon sou pwosesis reynifikasyon an ak kesyon ki poze souvan yo. Chak timoun ki gen laj 14 ane ak sila ki pi gran yo ap resevwa “Mànnyèl Favorize Dwa Jèn Yo” pou asire ke timoun lan konnen dwa li yo yon jan konfòm ak sa ki gen rapò ak edikasyon, sante, vizit ak patisipasyon nan tribinal pandan y ap pran swen li an.

Kisa dwa mwen yo ye?

Children Services angaje pou kenbe yon anviwònman san diskriminasyon ak asèlman epi li p ap tolere ni youn ni lòt lè sa fèt kont yon moun pou ras li, reliyon li, kwayans li, koulè li, orijin nasyonal li, sèks li, estati matrimonyal li, laj li, andikap fizik oubyen mantal li, oryantasyon seksyèl li, estati militè li, afilyasyon politik li, òganizasyon li fè pati, oubyen aktivite jiridik li.

Lwa Ohio ak federal yo founi divès garanti espesifik pou dwa ou yo pandan w ap resevwa sèvis yo nan Franklin County Children Services. Ou kapab diskite sou kesyon anplis yo konsènan dwa ou yo avèk pèsonèl la oubyen nenpòt moun ki nan biwo Dwa Kliyan yo.

Biwo Dwa Kliyan Children Services yo te etabli divès pwosedi pou egzamen dòleyans kliyan yo ak apèl administrativ yo. Biwo Dwa Kliyan yo enfòme kliyan yo sou dwa yo genyen selon politik ajans lan ak règ Ohio yo. Biwo Dwa Kliyan yo responsab pou asire yon konfòmite ajans lan avèk dwa kliyan ak règ pwosedi dòleyans/apèl yo. Moun ki otorize pou aksede ak pwosesis dòleyans/apèl la gen ladan l, men pa limite ak, timoun yo, paran yo, responsab ki lye epi ki pa lye yo, moun yo akize ki fè abi oubyen neglijans sou yon timoun ak divès pwofesyonèl ki gen yon enterè enpòtan nan sèvis pèsonèl la ap founi yo. Biwo Dwa Kliyan yo:

- ◆ Aji antanke yon fasilite preyalab ak plent yo;
- ◆ Aji antanke ajan odyans pou konklizyon sou ankèt ki konteste yo;
- ◆ Aji antanke yon kowòdonatè dwa sivil;
- ◆ Aji antanke yon ajan egzaminatè;
- ◆ Soumèt rapò yo bay konsèy la;
- ◆ Rapòte bay direktè egzekitif la pou preyokipasyon administrativ ak bidjetè yo. Y ap rapòte bay prezidan konsèy la alekri diskisyon konsènan dosye endividyèl yo avèk direktè egzekitif la;
- ◆ Pa kapab fè objè yon mezi disiplinè san apwobasyon direktè konsèy la; epi
- ◆ Kapab mande yon plasman sou ajanda konsèy la nan nenpòt moman pou rapòte nenpòt sitiyaasyon dosye endividyèl oubyen lòt enfòmasyon ki lye ak travay biwo Dwa Kliyan yo. Sèlman prezidan konsèy la ki kapab refize demann lan.

Biwo Dwa Kliyan yo sitiye nan biwo administratif Franklin County Children Services.

Lapòs:

855 W. Mound Street, Columbus, Ohio 43223

Imel: cro@fccs.us

Telefòn: 614.275.2621

Faks: 614.275.2755

Depoze yon Apèl

Yon **apèl** kapab depoze pa yon moun ajans lan te jije kòm yon otè avere oubyen endike de yon maltretans oubyen yon neglijans sou yon timoun aprè yon envestigasyon. Se sèlman otè a (apelan) ki kapab depoze yon apèl kont dispozisyon rapò a. Apelan an dwe depoze yon apèl pa pita pase **trant jou kalandriye** aprè yo fin voye pa lapòs konklizyon desizyonèl yo. Okenn apèl pa kapab kontinye jiskaske tout dosye ki lye ak envestigasyon an fin finalize kote li te ye a nan yon tribinal penal oubyen yon tribinal minè. Yon fwa ke tout desizyon ki lye ak konklizyon yo fin finalize, apelan an dwe avize Biwo a pa pita pase **trant jou kalandriye** aprè rezolisyon ki lye ak kesyon jidisyè konèks yo.

1. Yon fwa biwo Dwa Kliyan yo resevwa ak apwouve demann pou apèl desizyonèl la, yo ap transfere l bay direktè Depatman Admisyon ak Ankèt la. Yo ap kontakte apelan an pou fikse yon randevou pou prezante dosye li a bay administratè Admisyon an. Apelan an dwe disponib pou reponn nan espas **trant jou kalandriye** aprè yo fin depoze apèl la. Apelan an kapab vini avèk yon avoka ak divès temwen ki kapab vini ak enfòmasyon enpòtan. Administratè Admisyon an ap voye yon lèt alekri bay apelan an nan espas **trant jou kalandriye**.

2. Si repons administratif sa pa rezoud apèl la, apelan an kapab kontakte biwo Dwa Kliyan yo pa pita pase **trant jou kalandriye** aprè li fin resevwa repons sa pou li mande yon odyans apèl desizyonèl. Apèl la ap transfere bay ajan odyans administratif la. Ajan odyans lan pa dirèkteman enplike nan envestigasyon an oubyen apwobasyon desizyon ki lye ak dosye a. Yon fwa yo fin mande li, apelan an dwe disponib pou reponn nan espas **trant jou kalandriye**. Apelan an dwe enfòme Biwo a davans sou nenpòt akomodman espesyal ki nesèsè. Apelan an kapab vini avèk yon avoka ak divès temwen ki kapab vini ak temwayaj enpòtan. Odyans lan ap pwograme nan espas **trant jou kalandriye** aprè Biwo a fin resevwa rekèt la. Odyans apèl la ap pwograme pou inèdtan epi y ap anrejistre odyo a. Tout pati ki ap temwaye yo ap prete sèman. Ajan odyans lan ap soumèt yon rapò alekri nan espas **trant jou kalandriye** aprè odyans apèl la. Desizyon ajan odyans lan ap reprezante rekou definitif nan Franklin County Children Services.

NÒT: Odyans yo pa pwosedi jidisyè, kidonk, règ prèv yo pa aplike. Dosye envestigasyon Children Services lan ap rete konfidansyèl selon lalwa epi yo p ap devwale l oubyen pataje l avèk apelan an avan, pandan oubyen aprè odyans lan.

Kòman yo plis pwoteje dwa m yo?

Depoze yon Dòleyans

Paran yo, gadyen yo, responsab legal yo, fanmi akèy yo, pwòch k ap ede yo, kandida oubyen founisè lojman apwouve anba sipèvizyon yon granmoun, epi timoun ki te entèraji avèk ajans lan pou nenpòt objektif ki lye ak fonksyon ajans lan pral genyen dwa pou ekspri preyokipasyon yo konsènan entèraksyon sa. Rezoud yon plent oubyen yon preyokipasyon kapab pran diferan fòm: travay avèk ekip sèvis la, direktè asosye a; oubyen atravè yon pre-dòleyans. Si preyokipasyon ou yo pa t rive rezoud pandan w ap itilize zouti sa yo, ou kapab depoze yon dòleyans.

Yon **dòleyans** se yon plent fòmèl konsènan sèvis yo oubyen absans sèvis yo. Depo yon dòleyans dwe fèt nan yon tan apwopriye. Dòleyans lan kapab depoze pa pita pase **trant jou kalandriye** aprè evènman an, oubyen apre ou okouran de evènman an. Yon reprezantan ki soti nan biwo Dwa Kliyan yo kapab patisipe nan nenpòt reyinyon ki vin anapre yo sou demann moun ki fè dòleyans lan oubyen administratè a.

1. Yon fwa Biwo Dwa Kliyan yo resevwa ak apwouve demann pou dòleyans lan, yo ap transfere l bay direktè Depatman apwopriye a. Ou dwe an mezi pou w rankontre oubyen diskite sou dòleyans ou an avèk direktè a nan espas **trant jou kalandriye** aprè ou fin depoze dòleyans lan. Direktè a ap kontakte ou pou w fikse yon lè pou yon reyinyon. Yo dwe voye ba ou repons alekri direktè a nan espas **trant jou kalandriye** aprè yo fin resevwa dòleyans ou an.

2. Si repons direktè a pa satisfèzan, kontakte Biwo Dwa Kliyan yo nan espas **trant jou kalandriye** aprè ou fin resevwa repons sa. Dòleyans ou an pral dirije apre sa vè nivo Konsèy Egzekitif la, avèk eksepsyon Direktè Egzekitif la. Yon fwa dòleyans lan te rive depoze nan nivo sa, ou dwe kapab jwenn avèk oubyen diskite de sa avèk manm Konsèy Egzekitif la nan espas **trant jou kalandriye**. Manm konsèy Egzekitif la pral kontakte ou pou fikse yon lè pou yon reyinyon. Yo dwe voye ba ou repons alekri manm Konsèy Egzekitif la nan espas **trant jou kalandriye** aprè yo fin resevwa dòleyans ou an. .

3. Si repons manm Konsèy Egzekitif la pa rezoud dòleyans ou an, kontakte Biwo Dwa Kliyan yo nan espas **trant jou kalandriye** aprè repons sa. Dòleyans ou an apre sa pral dirije vè Direktè Egzekitif Franklin County Children Services la. Yon fwa dòleyans lan te rive depoze, ou dwe kapab jwenn avèk oubyen diskite de sa avèk Direktè Egzekitif la nan espas **trant jou kalandriye**. Direktè Egzekitif la pral kontakte ou pou fikse yon lè pou yon reyinyon. Yo dwe voye ba ou repons alekri Direktè Egzekitif la nan espas **trant jou kalandriye** aprè yo fin resevwa dòleyans ou an. Desizyon Direktè Egzekitif la ap reprezante yon rekou definitif nan Franklin County Children Services.

Konsèy Franklin County Children Services la te deside ke adilt ak timoun ki se kliyan Ajans lan dwe genyen dwa pou yo:

1. Jwenn sèvis Entèprèt yo, gratis pou kliyan an, nenpòt lè li mande sa pou ede kliyan an nan tout entèraksyon li genyen avèk pèsonel Children Services yo, ki gen ladan l tout reyinyon yo, planifikasyon dosye a ak entèraksyon avèk pèsonel Ajans lan;
2. Jwenn tretman nan yon fason ki kiltirèlman sansib avèk konsiderasyon ak respè pou diyite, otonomi, ak vi prive moun lan;
3. Jwenn sèvis nan kad ki mwens restriktif epi ki pi sosyal posib. Sa defini pa lwa ak règ Ohio oubyen nan plan dosye/sèvis la;
4. Revize dosye yo a toutotan ke lalwa pa entèdi aksè a. Yo kapab refize demann enfòmasyon yo si enfòmasyon yo mande yo prezante yon risk serye domaj pou nenpòt moun. Tout demann aksè ak dosye yo dwe fèt alekri. Moun ki mande enfòmasyon an dwe prezante yon pyès idantifikasyon ki gen foto avan yo ba l aksè ak dosye yo. Si genyen enfòmasyon ki entèdi pa lalwa oubyen ki t ap poze yon risk domaj ki grav pou nenpòt moun nan dosye a, yo ap retire li avan yo ba ou aksè a dosye a.

Si ka ou an ouvri se direktè rejyonal la ki ap responsab pou reponn ak yon demann aksè. Kliyan yo kapab egzaminen dosye pa yo nan yon biwo FCCS an prezans pèsonel ajans lan.

Si ka ou an fèmen, tanpri kontakte depatman Jiridik la nan 614-275-2584. Enfòmasyon yo mete a disponiblite moun ki mande enfòmasyon nan dosye ki fèmen yo ap transfere dirèkteman bay demandè a.

Yo ap dokimante alekri yon desizyon pou refize kliyan gen aksè ak dosye yo epi yo ap voye l ba ou nan yon lèt.

5. Ensere nenpòt deklarasyon nan dosye yo a epi egzaminen nenpòt deklarasyon estaf Ajans lan founi an repons ak deklarasyon kliyan an;
6. Jwenn opòtinite pou patisipe nan kreyasyon plan dosye a epi resevwa yon kopi plan dosye a ak modifikasyon ki fèt nan plan dosye a, konsa tou pou divès sèvis pwopoze oubyen aktyèl, tretman oubyen terapi; sante mantal ak fizik, ak bezwen sosyal oubyen ekonomik, epi ki presize nan ki degre sèvis yo disponib, apwopriye ak adekwa pou yo founi yo swa dirèkteman oubyen pa referans;
7. Konsanti oubyen refize nenpòt sèvis, tretman, oubyen terapi aprè esplikasyon konplè konsekans y ap tann de konsantman oubyen refi sa, amwens ke yo te òdone pou w patisipe nan sèvis yo pa yon òdonans tribinal dirèk oubyen yon plan dosye/sèvis ke yon tribinal jiridiksyon konpetan te pibliye. Yon paran oubyen responsab legal kapab konsanti oubyen refize nenpòt sèvis, tretman, oubyen terapi nan non yon kliyan minè amwens ke yo òdone li pou patisipe nan sèvis yo pa yon òdonans tribinal dirèk oubyen yon plan dosye/sèvis ke yon tribinal jiridiksyon konpetan te pibliye;

- 8. Yon plan dosye/sèvis aktyèl, ekri, endividyèl ki abòde sekirite timoun lan,
- 9. Antre nan patisipasyon aktif ak eklere nan mete sou pye, nan revizyon peryodik, ak nan re-evalyasyon plan dosye/sèvis la;
- 10. Gen libète chwa pa rapò ak medikaman inital ak aksesif;
- 11. Pa soumèt ak divès kontrent oubyen ak yon izòlman inital;
- 12. Jwenn enfòmasyon sou pwosedi yo ak refize yon pwosedi tretman yo pa konn itilize oubyen ki reprezante yon danje;
- 13. Patisipe nan nenpòt sèvis apwopriye epi ki disponib nan Ajans lan, kèlkeswa refi youn oubyen plizyè lòt sèvis, tretman, oubyen terapi oubyen kèlkeswa retoube tretman avan an nan sèvis sa oubyen yon lòt sèvis, amwens ke genyen yon nesosite valab ak espesifik ki ekskli ak/oubyen egzije patisipasyon kliyan an nan lòt sèvis yo. Yo dwe esplike nesosite sa bay kliyan an epi sa sipoze ekri nan plan dosye/sèvis kliyan an;
- 14. Jwenn opòtinite pou konsilte, a pwòp depans ou, divès espesyalis tretman endepandan oubyen yon konseye jiridik;
- 15. Konfidansyalite nan limit ak egzijans lwa ak règleman Ohio ak Federal yo, òdonans tribinal yo, oubyen yon plan dosye/sèvis pibliye. Nenpòt moun ki gen kapasite jiridik pou konsanti ak divulgasyon enfòmasyon ki konsène yon kliyan Ajans, kapab fè sa yon jan konfòm ak lalwa oubyen konfòm ak règleman Ohio ak Federal yo;
- 16. Jwenn enfòmasyon davans sou rezon oubyen divès rezon pou enteripsyon sèvis la ak pou patisipe nan planifikasyon an;
- 17. Resevwa yon esplikasyon sou rezon ki fè yo te refize sèvis la;
- 18. Pa dwe sibi diskriminasyon lè y ap bay sèvis sou baz kilti, ras, sèks, laj, relijyon, koulè, oryantasyon seksyèl, andikap fizik oubyen mantal, orijin nasyonal, nivo revni, oubyen afilyasyon politik moun lan;
- 19. Konnen pri sèvis yo;
- 20. Jwenn enfòmasyon konplè sou tout dwa yo;
- 21. Egsèze tout dwa san reprezay sou nenpòt fòm, tankou aksè ak sèvis yo, ki pa dwe konpwomèt;
- 22. Depoze yon dòleyans; epi
- 23. Jwenn divès enstriksyon aloral ak alekri pou depoze yon dòleyans;
- 24. Ede pou jwenn yon rapò kredi, si ou gen 16 ane oubyen pi gran ak anba pwoteksyon ajans lan.

Konsènan timoun nou ap pran swen yo

Pèsonèl Children Services la, paran akèy yo, ak paran adoptif ki gen timoun ki plase avan adopsyon yo gen fòmasyon sou fason pou yo reyaji vizavi konpòtman enkontwolab yo. Pèsonèl ak swayan yo pa dwe itilize okenn entèvansyon jesyon konpòtman restriktif tankou: kontrent fizik, mekanik oubyen chimik, izòlman oubyen fèmen yon kote.

Pèsonèl Children Services la, paran akèy yo, ak paran adoptif ki gen timoun ki plase avan adopsyon yo pa dwe:

- 1. Sanksyone oubyen ouvri nenpòt kourye ki sòti ak antre pou timoun yo ki anba pwoteksyon Ajans lan amwens ke:
 - a. Yo sispèk yo genyen matyè oubyen divès sibstans ki pa otorize, ki reprezante yon danje oubyen ilegal, nan ka sa, kourye a kapab ouvri nan prezans pèsonèl deziye a.
 - b. Resevwa oubyen voye yon kourye tou kachte kont endike nan plan sèvis la esepite kourye elektwonik, oubyen
 - c. Resevwa oubyen voye kourye bay moun espesifik se yon menas ki grav pou sekirite timoun lan oubyen paran yo oubyen sa kontrè ak pi bon enterè timoun lan ak moun yo, rezon ki fè yo sansire kourye a dokimante nan dosye a.
- 2. Restrenn dwa timoun ki anba pwoteksyon Ajans lan pou fè konvèsasyon prive nan telefòn amwens ke restriksyon an:
 - a. Baze sou kont-endikasyon nan plan sèvis la ki lye ak sekirite timoun lan, paran akèy yo oubyen pèsonèl la, oubyen sa nan pi bon enterè timoun lan, epi
 - b. Apwouve davans ak revize chak mwa pa yon Direktè Rejyonal oubyen yon Direktè Asosye oubyen yon moun deziye ki apwopriye,
 - c. Revize chak semèn pa Sipèvizè Asistan Sosyal ke timoun lan afekte ak li a, epi
 - d. Apwobasyon ak revizyon yo dokimante nan dosye a,
 - e. Oubyen sa konfòm ak yon òdonans jidisyè espesifik.

Biwo Dwa Kliyan yo kapab ede depoze yon dòleyans si ou pa satisfè avèk sèvis yo. Ou kapab depoze yon dòleyans **pa pita pase trant jou kalandriye aprè evènman an, oubyen apre ou okouran de evènman an**. Pou reponn ak yon preyokipasyon, kontakte Biwo Dwa Kliyan yo (konsilte paj 8).

Biwo Dwa Kliyan yo kapab ede tou nan depoze yon apèl administratif kont konklizyon yon ankèt. Yon apèl dwe depoze nan espas **trant jou kalandriye aprè ou fin konnen konklizyon ankèt la**. Pou depoze yon apèl administratif, kontakte Biwo Dwa Kliyan yo (konsilte paj 8).

Pou dosye ki trete pa youn nan ajans Jesyon Swen yo, Rezo Solisyon Pèmanan pou Fanmi yo (Permanent Family Solutions Network , PFSN) oubyen Pwogram Defans Minè Nan Nivo Nasyonal (National Youth Advocate Program, NYAP), ajans ki founi sèvis pwoteksyon sou kontra dirèkteman bay fanmi yo ak timoun yo, yo genyen pwòp pwotokòl yo pou abòde divès dòleyans ak preyokipasyon. Nou ankouraje ou pou w rezoud pwoblèm ou an avèk asistan sosyal la oubyen sipèvizè a. Si ou pa an mezi pou w fè sa, tanpri kontakte Responsab Dwa Kliyan ajans lan ki responsab dosye ou an.